

Dwa Travayè Imigran yo

Dwa Travayè Imigran yo Anba Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay

Konsèy Nasyonal Relasyon Travay (NLRB) pwoteje dwa anplwaye yo anba Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay (NLRA), kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo.

Paske sitiyasyon imigrasyon pa enpòtan tankou si se te yon vyolasyon NLRA:

- Nou PAP poze ou kesyon sou sitiyasyon imigrasyon ou.
- Ou PA bezwen ban nou okenn enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon ou.
- Ou PA bezwen ban nou enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon ou nan moman /ansyen kòlèg travay ou.

Si gen yon ankèt NLRB ap fèoswa yon aksyon ranfòsman nan yon espas travay oswa reprezantan ou fè nou konnen èd imigrasyon nesesè nan espas travay la pou pwoteje travayè ki vle oswa ka vle kolabore avèk ankèt oswa aksyon ranfòsman NLRB, men ki ka gen laperèz pou vanjans paske l ap fè sa, ou ka fè yon demann pou NLRB pibliye yon Deklarasyon Enterè, epi anplwaye yo kapab itilize li nan [demann aksyon difere nan Depatman Sekirite Teritwa](#). NLRB ap konsidere ranpli sètifikasi [U visa](#) ak [T visa](#), nan ka apwopriye yo.

Demann Deklarasyon Enterè nan Sipò Aksyon Defere

Ou ta dwe voye demann yo nan NLRB pou yon Deklarasyon Enterè pou yon espas travay patikilye ba nenpòt/tout moun ki endike anba yo: Ajan Konsèy la ki afekte nan dosye a, Kowòdonatè Imigrasyon ki nan Rejyon an, Direktè Rejyonal la ak Ekip Imigrasyon an (Immigration.Team@nrb.gov) ki nan Washington, DC.

Demann yo ta dwe gen ladan yo nimewo dosye NLRB, adrès espas travay ki konsène nan aksyon NLRB, ak non patwon (yo) jan non an (yo) parèt nan souch chèk peman yo oswa nan lòt dokiman.

Demann sètifikasi visa U ak Visa T

Ou ta dwe voye demann yo pou sètifikasi viza U ak viza ba nenpòt/tout moun ki endike anba yo: Ajan Konsèy la ki afekte nan dosye a, Kowòdonatè Imigrasyon ki nan Rejyon an, Direktè Rejyonal la ak Ekip Imigrasyon an (Immigration.Team@nrb.gov) ki nan Washington, DC.

Demann yo ta dwe endike baz rezonab konkli gen aktivite kriminèl admisib ki te fèt, ki gen yon koneksyon avèk yon dosye NLRB ki sou ankèt oswa litij yon Biwo Rejyonal NLRB. Nan yon fason espesyal, demann lan ta dwe idantifye eleman enpòtan anba-anba aktivite kriminèl admisib la oswa aktivite kriminèl admisib yo epitou demann lan ta dwe idantifye prèv ki sipòte eleman sa yo.

Lòt Resous yo

NLRB gen oryantasyon ak resous pou travayè imigran yo:

- [Enfòmasyon sou Ankèt pou Temwen Travayè Imigran](#) (2022)
- [Konnen Dwa ou: Travayè Imigran](#) (2023)
- [Fason pou Asire Aksè Pwoteje ak Onore pou Travayè Imigran yo nan Pwosesis NLRB](#) (2022)
- [Fason pou Asire Dwa ak Sekou pou Travayè Imigran yo Anba NLRA](#) (2021)
- [Pwosedi Modifye nan Fason pou Rezoud Pwoblèm Imigrasyon ki Genyen Pandan Pwosedi NLRB](#) (2011)
- NLRB ofri yon [sitwèb nan lang Panyòl](#), [episèten piblikasyon NLRB](#) te tradui nan anpil lang.

Rele nimewo 1-844-762-NLRB epi mande pou pale avèk yon Kowòdonatè Rejyonal Imigrasyon epi/oswa imèl Ekip Imigrasyon an nan Washington DC (Immigration.Team@nrb.gov) pou kesyon ou genyen yo.